

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat dina hirup kumbuhna pasti ngabogaan kabudayaan nu jadi pameungkeut dina ngajalankeun kahirupanna. Kabudayaan mangrupa kabeungharan anu dipiboga ku masyarakat sacara turun-tumurun. Nurutkeun Koentjaraningrat (1985, kc.5), wujud budaya téh kabagi tilu, nya éta:

- 1) Wujud kabudayaan salaku hal nu kompléks tina idé-idé, gagasan, ajén-inajén, norma-norma, aturan jsb. Ieu mangrupa wujud *ideal* tina kabudayaan anu sipatna abstrak, teu bisa difoto atawa dirampa. Ayana dina pikiran masyarakat tempat hirupna éta kabudayaan. Kabudayaan *ideel* disebut *adat tata kelakuan* lantaran ngatur, ngadalikeun, jeung ngalempeng kana kalakuan manusa di masyarakat.
- 2) Wujud kabudayaan salaku aktivitas kalakuan manusa di masyarakat nu disebut sistem sosial. Patali jeung laku lampah nu ngabogaan pola ti manusana sorangan. Ieu sistem sosial ngawengku kagiatan manusa anu campur gaul dina pola nu tangtu dumasar kana *adat tata kelakuan*. Sipatna nyata, kajadian dina kahirupan sapopoé, bisa ditalungtik, difoto, jeung didokuméntasikeun.
- 3) Wujud kabudayaan salaku barang hasil karya manusa.

Wujud katilu tina kabudayaan disebut kabudayaan fisik nu mikabutuh katerangan anu loba lantaran mangrupa sakabéh hasil fisik tina kagiatan, kalakuan, jeung karya sakabéh manusa di masyarakat. Sipatna *kongkret*, mangrupa hal-hal anu bisa dirampa, ditingali, jeung difoto.

Koentjaraningrat (1985, kc.2) nétélakeun yén sacara universal anu mangrupa unsur-unsur kabudayaan téh ngawengku: 1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téhnologi jeung pakakas. Éta unsur-unsur kabudayaan datana aya nu ngahiji dina hasil karya manusa,

contona naskah jeung prasasti nu kaasup kana wujud budaya nu katilu. Naskah mangrupa salasihiji warisan pustaka anu loba di masarakat hususna urang Sunda. Naskah ngaguar kahirupan jeung kaayaan masarakat dina jamanna. Salasihiji wangun tina naskah nya éta wawacan. Wawacan téh aya nu disebut naskah wawacan aya ogé nu disebut téks wawacan. Naskah wawacan sipatna nyata luyu jeung naon nu dituliskeun ku pangarangna, teu bisa dirobah, saayana, sakumaha nu nyampak dina éta tulisan. Téks wawacan sipatna abstrak, mangrupa eusi tina naskah nu bisa diulik ku rupa-rupa widang paélmuan pikeun ngungkab eusina. Éta hal luyu jeung pamadegan Sukant, dkk., (dina Ropiah, 2015, kc.101) nu nétélakeun yén dina wawacan kagambar masarakat anu ngabogaan ajén-inajén anu kuat salaku cecekelan hirup anu diwariskeun sacara turun-tumurun. Ieu hal luyu jeung pamadegan Teeuw dina Heryana (2011, kc.2) nu nétélakeun yén karya sastra dina sawangan sosiologi mangrupa gambaran masarakatna.

Wawacan mangrupa karya sastra heubeul anu kauger ku aturan pupuh kayaning guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra. Ieu hal luyu jeung pamadegan Ruhaliah (2013, kc.13) nu nétélakeun yén wawacan mangrupa téks, umumna naratif, ditulis dina wangun pupuh. Danadibrata (2006, kc. 733) ogé nétélakeun yén wawacan asalna tina basa Kawi, nya éta ‘waca’ nu hartina lalakon anu digurit. Wawacan aya dina wangun naskah jeung aya nu dicitak. Wawacan dina wangun naskah mangrupa hasil tulisan leungeun(*handscript* atawa *manuscript*), sedengkeun wawacan nu dicitak aya sabada asupna budaya citak ka Indonesia ti Eropa.

Wawacan bisa diulik tina strukturna nu ngawengku struktur formal jeung struktur naratif. Struktur formal wawacan patalina jeung wangun téks, biasana tembang (pupuh). Struktur naratif patalina jeung carita dina téks. Naskah wawacan sok dipintonkeun dina pagelaran kasenian nu disebut beluk, ku kituna wawacan kaasup kana sastra lagu (Wibisana, 2000, kc. 25). Pagelaran beluk kaasup salasihiji kagiatan aprésiasi sastra wawacan.

Nurutkeun Teeuw (dina Semi, 1989, kc. 40), léngkah ngaidéntifikasi sastra téh rupa-rupa, gumantung kana pamarekan nu dipakéna, misalna struktur, ma’na atawa amanat, éksprési pangarang, jeung impresi ti nu maca. Ulikan ngeunaan

struktur naskah bisa ngagunakeun pamarekan struktural. Ieu hal saluyu jeung anu ditétélakeun ku Semi(1989, kc. 44) yén pamarekan struktural téh ngamutalaah kana karya sastra, kaluar tina pangaruh pangarang jeung nu macana. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén pamarekan struktural mah ngan ngulik karya sastra hungkul sacara gembler (intrinsik) anu ngawengku téma, galur, latar, penokohan, jeung gaya basa anu dipakéna.

Urang Sunda dina nuliskeun wawacan maké sababaraha aksara, nya éta aksara Cacarakan (aksara Jawa), aksara Pégon (Arab), jeung aksara Latén. Salasahiji naskah wawacan anu kapanggih nya éta *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* anu dicitak dina aksara Pégon anggitan H. Muhyidin, nu eusina nyaritakeun lalampahan hiji jalma di daérah Timur Tengah, ngaranna Hasan Şoig, nu teu weléh ngadu'a jeung ménta ka Gusti Allah sangkan hasil sagala pamaksudan dina kahirupanana. Ieu wawacan téh jadi dua jilid anu kandelna masing-masing 64 kaca.

Nilik kana kaayaan masarakat kiwari, wawacan geus teu dipikawanoh ku lantaran kurangna média informasi nu ngawanohkeun sastra buhun ka masarakat, teu aya pagelaran seni beluk (gaok), kurangna kamampuh maca aksara Pégon, jeung ayana kapercayaan yén nalika maca wawacan kudu aya aturan-aturan nu ditedunan heula (dianggap mistis). Sakumaha anu ditétélakeun ku Mahmud (dina Septian 2016, kc.28) *wawacan Jawa dan Sunda menjadi merana karena unsur pementasannya yang jarang dan hampir punah di Pasundan secara langsung menghilangkan seni penembangan wawacan itu. Éta hal luyu jeung pamanggih Moriyama (dina Septian 2016, kc.28) nu nyebutkeun pada penutur bahasa Sunda, wawacan sudah jarang dibaca, apalagi ditembangkan. Hanya orang tua yang sering membaca, tapi hampir tidak pernah didangdingkeun di depan banyak orang, kecuali dari beluk tembang Sunda. Dua pamanggih saméméhna dieuyeuban ku pamadegan Baried (dina Wulandari jeung Dwi, 2008, kc.10) nu nyebutkeun yén studi terhadap karya tulis masa lampau perlu dilakukan karena danya anggapan bahwa dalam peninggalan tulisan terkandung nilai-nilai yang masih relevan dengan kehidupan masa kini. Ku lantaran kitu, penting lamun diayakeun panalungtikan ngeunaan wawacan nu nyampak di masarakat. Naskah*

wawacan nu kudu diguar salasihijina nya éta naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri*.

Sangkan wawacan dipikawanoh ku masarakat, aya tarékah ti nu nyusun kurikulum ku cara diasupkeun kana kurikulum. Pangajaran wawacan aya dina kurikulum basa Sunda ti mimiti KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) nepi ka diganti jadi kurikulum 2013 dina matéri pangajaran kelas XII. Dina prakna, ngawanohkeun wawacan téh ku ringkesan téks, lain wawacan nu lengkep boh tina wangun boh tina eusi. Balukarna siswa moal wanoh kana wangun wawacan nu sabenerna lantaran nu dibacana sinopsis dina wangun prosa (jiga dongéng jeung novél) lain dina wangun pupuh. Ku lantaran kitu, kudu aya tarékah pikeun nyieun bahan ajar ngeunaan wawacan pikeun ngawanohkeun naskah wawacan sacara lengkep sangkan siswa bisa wanoh kana wangun jeung ciri has tina téks wawacanna.

Saméméhna naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* jilid 1, pernah ditransliterasi sabagian dina pancén mata kuliah Kajian Naskah ku Rekha Rosdiana Dewi di SPs UPI Bandung taun 2014. Naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* anu dicitak dina wangun aksara Pégon can kungsi ditransliterasi sacara lengkep sarta can réa nu nalungtik. Ku kituna, naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* dijadikeun bahan panalungtikan. Naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* ditalungtik ti mimiti transliterasi tina aksara Pégon kana aksara Latén sarta diulik unsur karya sastra nu ngawengku struktur formal jeung struktur naratifna. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ulukan Filologi jeung Struktural *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Wawacan di SMA Kelas XII”.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan masalah dina ieu panalungtikan museur, diwatesanan medar struktur formal jeung struktur naratif naskah wawacan, sabada transliterasi naskah tina aksara Pégon kana Latén *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başıri* anu lobana 2 jilid. Ieu watesan dijadikeun rumusan masalah panalungtikan ieu di handap:

- a. Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri?*;
- b. Kumaha transliterasi naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri?*;
- c. Kumaha struktur formal jeung struktur naratif naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri?*; jeung
- d. Kumaha rarancang bahan pangajaran maca wawacan tina naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan ngabogaan udagan saluyu jeung naon anu ditétélakeun dina kasang tukang saméméhna. Kitu ogé dina ieu tulisan aya sababaraha udagan nu dipiharep bisa kahontal. Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho, ngadéskripsikeun jeung ngayakeun analisis sastra kana *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* salaku naskah heubeul nu nyampak di masarakat. Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan ogé ngabogaan tujuan husus nya éta ieu di handap:

- a. Ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*;
- b. Nyusun transliterasi naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* tina aksara Pégon kana aksara Latén;
- c. Ngadéskripsikeun struktur formal jeung struktur naratif *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*; jeung
- d. Ngamangpaatkeun *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* pikeun alternatif bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber referensi keur mahasiswa, akademisi, jeung budayawan Sunda; bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda; sarta bisa jadi salasihiji dokumentasi dina kamekaran sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat pikeun nu nyekel kawijakan

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep aya parobahan kawijakan di widang pangajaran sastra Sunda sangkan siswa mikawanoh leuwih euyeub ngeunaan budaya karuhunna ku cara diwanohkeun dina pangajaran di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung apresiasi kana sastra Sunda, hususna sastra Sunda wangun wawacan.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Pikeun mahasiswa Program studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun ngayakeun panalungtikan saterusna.

Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan bisa jadi alat pikeun méré nyaho ngeunaan eusi salasahiji karya sastra Sunda, nya éta naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* anu eusina ngeunaan ajaran Islam.

1.5 Sistematika Tulisan

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, eusina ngawengku tiori-tori nu ngarojong kana panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, filologi, kodikologi, strukturalisme, jeung bahan ajar.

BAB III Métode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pembahasan, eusina mangrupa hasil panalungtikan nu ngawengku déskripsi, transliterasi, analisis struktur *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*, jeung Rarancang Bahan Ajar *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*. Dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil panalungtikan ngeunaan *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* anu satuluyna dimangpaatkeun jadi alternatif bahan pangajaran maca wawacan.

BAB V Panutup, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina sakabéh pedaran jeung saran-saran anu patali jeung hasil panalungtikan.